



KESYON YO POZE SOUVAN sou pwogram asirans Medicaid nan fen Ijans Sante Piblik COVID-19 la pou moun New York ki enskri atravè Depatman Sèvis Sosyal Lokal yo (Local Departments of Social Services, LDSS) oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA)

8 jiyè 2022

Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health & Human Services, HHS) an te deklare Etazini nan yon ijans sante piblik depi mwa mas 2020 akòz pandemi COVID-19 la. Pandan ijans sante piblik la, Eta New York gen dwa kenbe moun ki te enskri nan Medicaid san yo pa fè yo renouvle plan asirans anyèl yo. Epoutan, apre ijans sante piblik la fini, ou dwe renouvle pou w ka kenbe asirans Medicaid ou. Men kèk enfòmasyon ki pral ede ou jwenn repons pou kesyon ou ka genyen konsènan renouvèlman oswa aplikasyon pou asirans Medicaid apre Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini.

1. Kilè ijans sante piblik la ap fini?

Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health & Human Services, HHS) an te deklare Etazini nan yon Ijans Sante Piblik (Public Health Emergency, PHE) depi kòmansman 2020 an akòz pandemi COVID-19 la. Pou kounye a, nou pa konnen ki lè Ijans Sante Piblik (Public Health Emergency, PHE) COVID-19 la ap fini, men n ap kontakte ou lè w ap bezwen retounen ak lè gen yon bagay pou fè.

2. Kisa mwen kapab fè pou m prepare pou chanjman sa a?

Asire w adrès ou, nimewo telefòn ou ak lòt enfòmasyon kontak ou yo ajou nan Depatman Sèvis Sosyal Lokal yo (Local Departments of Social Services, LDSS) oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA). Si nenpòt nan enfòmasyon sa yo te chanje oswa si ou pa kwè yo ajou, kontakte LDSS oswa HRA ou. Si yo pa gen adrès postal kòrèk ou a, ou ka pa resevwa lèt Medicaid ou a, sa vle di ou ka pèdi asirans Medicaid ou a.

3. Kijan m ap fè konnen lè li lè pou m renouvle asirans Medicaid mwen an?

Lè li lè pou ou renouvle apre ijans sante piblik COVID-19 la fini, LDSS oswa HRA ou ap voye sou imèl ou yon dosye pou renouvèlman Medicaid.

4. Lè Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini, kisa m ap bezwen fè pou m kenbe asirans Medicaid mwen an?

Lè ijans sante piblik federal COVID-19 la fini, règ renouvèlman Medicaid yo pral chanje. Sa vle di w ap oblije renouvle asirans Medicaid ou a menm jan ou te konn fè sa a anvan Ijans

Sante Piblik la te kòmanse. Lè li lè pou ou renouvle, LDSS oswa HRA a pral voye sou imèl ou yon dosye pou renouvèlman Medicaid. Pou renouvle asirans Medicaid ou an, ou dwe swiv enstriksyon yo sou fason pou ranpli epi soumèt fòm renouvèlman w lan anvan dat yo mete sou fòm ou an. Si w pa retounen fòm renouvèlman ou an bay LDSS ou oswa HRA anvan dat yo mete sou fòm lan, ou ka pèdi asirans Medicaid ou a.

5. **Aprè mwen te fin soumèt aplikasyon Medicaid mwen an oswa dosye pou renouvèlman mwen an, mwen te resevwa yon lèt, yon apèl telefòn oswa yon imèl LDSS oswa HRA pou di m aplikasyon oswa renouvèlman mwen an manke enfòmasyon. Kisa pou m fè?**

Bay enfòmasyon ki manke yo pi vit posib. LDSS ou oswa HRA ap voye yon demann alekri pou enfòmasyon manke yo, nan yon dat limit ki pa mwens pase 10 jou. Nan demann alekri a, yo pral di w nan ki fason ou ka bay enfòmasyon manke yo. LDSS ou oswa HRA ap swiv avèk ou tou lè yo eseye kontakte ou, reprezantan ou bay otorizasyon oswa moun ki te soumèt aplikasyon an pou ou atravè lèt, apèl telefòn oswa imèl. **Si ou pa bay enfòmasyon manke yo, ou ka pèdi asirans Medicaid ou a oswa yo ka refize aplikasyon w lan.**

6. **Èske m ap bezwen bay LDSS oswa HRA mwen prèv revni ak resous mwen yo nan aplikasyon mwen oswa renouvèlman mwen lè ijans sante piblik COVID-19 la fini?**

LDSS ou oswa HRA ap fè w konnen prèv ki nesèsè pou bay kòm dokiman revni w ak resous ou sou fòm aplikasyon ou an oswa renouvèlman w lan. Si LDSS oswa HRA bezwen plis prèv, w ap resevwa yon avi pou yo di w lòt dokiman w ap bezwen bay. Ou ta dwe reponn san pèdi tan. Si ou gen difikilte pou jwenn dokiman nesèsè yo, ou ta dwe fè LDSS oswa HRA konnen sa a imedyatman. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pou LDSS oswa HRA nan https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm.

7. **Mwen te deplase nan de (2) ane ki sot pase yo oswa kidonk, mwen gen yon nouvo adrès, oswa mwen gen plan pou m demenaje byento. Kijan pou mwen pataje nouvo adrès mwen an avèk LDSS oswa HRA mwen?**

Li enpòtan anpil pou ou fè LDSS oswa HRA ou konnen nouvo adrès ou, nimewo telefòn ou ak lòt enfòmasyon sou konta ou touswit. Si yo pa gen adrès postal kòrèk ou a, ou ka pa resevwa lèt Medicaid ou a, sa vle di ou ka pèdi asirans Medicaid ou a. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pou LDSS ou oswa HRA nan https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm.

8. **Mwen te bay nouvo adrès mwen an nan plan Medicaid mwen an. Èske m ap toujou bezwen bay LDSS oswa HRA mwen an li?**

Wi. Pou asire w yo pa fèmen ka Medicaid ou a, li enpòtan anpil pou w fè LDSS oswa HRA ou konnen nouvo adrès ou a tou. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pou LDSS oswa HRA w la nan https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm.

9. Mwen patisipe nan pwogram Medicaid Excess-Income (Spenddown) lan oswa Pay-In lan. Apre Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini, èske m ap bezwen soumèt yon bòdwo oswa yon peman?

Ou dwe kontinye soumèt bòdwo oswa Pay-in ou yo bay LDSS ou oswa HRA la (oswa Plan Sante Jere Alontèm [Managed Long Term Care Plan ou a]) pou w ka respekte obligasyon ou genyen anvè pwogram revni ki twòp Medicaid Excess Revenu (Spenddown) lan oswa Pay-In lan. Gen kèk moun ki pa t oblije respekte obligasyon pou bese lajan yo pou yon ti tan si yo pa te kapab soumèt bòdwo oswa pay-in bay LDSS yo oswa HRA pou yon rezon ki gen rapò dirèkteman ak Ijans Sante Piblik COVID-19 la (pa egzanp, yo te mete w an karantèn). Si sa te rive w epi ou poko respekte obligasyon ou yo, lè ijans sante piblik COVID-19 la fini, yo pral mande w pou rekòmanse soumèt bòdwo oswa peman bay LDSS ou oswa HRA pou respekte obligasyon mansyèl ou nan Pwogram revni ki twòp Medicaid Excess Income (Spenddown) lan oswa Pay-In lan. Ou ka kontakte yo tou pou nenpòt kesyon sou ka w la.

10. Nan moman Ijans sante piblik COVID-19 la, mwen te fè demann pou yon odyans san patipri konsènan kalifikasyon oswa estati Medicaid mwen epi mwen te resevwa èd pou m kontinye. Kijan s ap afekte asirans Medicaid mwen an?

Si asirans Medicaid ou a te anba estati "Èd pou Kontinye" nan dat 18 mas 2020 oswa apre, yo te kenbe kalifikasyon Medicaid ou ak menm asirans la depi lè sa a – yo pa te limite oswa koupe asirans la pandan ijans sante piblik COVID-19 la. Lè Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini, y ap kontakte w sou demann ou a pou yon odyans san patipri. Asirans Medicaid ou a ap kontinye anba estati "Èd pou Kontinye" epi yo p ap limite oswa koupe li pandan y ap travay sou demann pou yon odyans san patipri ou a. Si w gen kesyon sou Odyans san patipri ou a, kontakte LDSS ou oswa nimewo telefòn Biwo Odyans Administrativ (Office of Administrative Hearings) ki nan Avi Odyans San Patipri ou a.

11. Mwen nan Pwogram Medicaid Buy-In lan pou Moun k ap Travay ak Andikap yo (Working People with Disabilities, MBI-WPD) epi mwen te pèdi travay mwen pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la. Apre Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini, èske m ap pèdi asirans Medicaid mwen an?

W ap rete kalifye pou asirans Medicaid nan pwogram Medicaid Buy-In pou Moun k ap Travay ak Andikap yo (Working People with Disabilities, MBI-WPD) jiskaske LDSS oswa HRA re-detèmine kalifikasyon w pou Medicaid nan moman renouvèlman an.

12. Kisa k ap pase si mwen pa kalifye ankò pou Medicaid apre yo fin trete renouvèlman mwen an?

Nou vle tout moun New York ki kalifye yo yo jwenn epi rete anba pwoteksyon asirans lan. Si ou pa kalifye ankò pou Medicaid, oswa si yo refize aplikasyon w lan, w ap resevwa:

- Avi sou kilè asirans Medicaid ou pral fini,
- Enfòmasyon sou fason pou konteste (fè apèl) si ou kwè desizyon anilasyon an pa kòrèk, ak
- Enfòmasyon sou lòt pwogram asirans sante ak fason pou aplike nan pwogram sa yo atravè NY State Health. Gen èd finansye disponib pou moun ki kalifye yo.